


Prezidan Henry B. Eyring

Premye Konseye nan
Premye Prezidans lan



Ame avèk Jistis

Pwofèt Bondye sou tè a, Prezidan Thomas S. Monson, te deklare, “Jodia, nou kanpe kont pi gran koleksyon peche, ak vis, ak mal ki te ka rasanble devan je nou.”¹

Èske sa ta etone nou ke Prezidan Monson te di pawòl sa yo 50 tan pase? Si nou te kanpe devan yon koleksyon mechanste enkonparab konsa nan epòk pase sa a, ki kantite mal kap menase nou jodia? Se pou yon bon rezon, Senyè a te di konsènan dispansasyon nou an, “gade, ènmi an mete ansanm” (D&C 38:12).

Lagè “nou tout anwole a”² te kòmanse anvan nou te fèt sou latè a. Li te kòmanse anvan latè a te kreye. Li te kòmanse depi plizyè milye ane nan epòk premòtèl la, kote Satan te revòlte eip l “te chèche detwi lib abit lòm” (Moyiz 4:3).

Satan te pèdi batay la epi “Bondye te chase l vin sou latè a” (Revelasyon 12:9), kote lap kontinye lagè li a jodia. Isit sou latè a “li fè lagè kont sen Bondye yo, epi li antoure yo tout kote” (D&A 76:29) avèk manti, desepsyon, ak tantasyon.

Li fè lagè kont pwofèt ak apot yo. Li fè lagè kont lwa chastete ak sentete maryaj. Li fè lagè kont fanmi ak tanp. Li fè lagè kont bagay ki byen, ki sen, ak sakre.

Kouman nou dwe konbat yon enmi konsa? Kouman nou ka konbat kont mal ki sanble lap anglouti mond nou an? Ki pwoteksyon nou genyen? Kiyès ki alye nou?

Pouvwa Anyo a

Pwofèt Joseph Smith te anseye ke Satan gen pouvwa sou nou sèlman nan degre nou ba l pèmision.³

Lè l te wè epòk nou an, Nefi te “wè pouvwa Ti Mouton Bondye a te desann sou sen legliz Ti Mouton an yo, ak sou pèp alyans Senyè a, ki te dispèse sou tout sifas tè a; epi yo te *ame avèk lajistis, e avèk pouvwa Bondye nan anpil ghwa*.” (1 Nefi 14:14; italik ajoute).

Kouman pou nou ame tèt nou avèk lajistis ak pouvwa? Nou sanktifye jou Saba a epi nou onore prèttriz la. Nou fè epi nou kenbe alyans ki sakre, nou travay sou istwa famiyal nou, epi nal nan tanp. Nou fè efo kontinyèlman pou nou repanti epi nou plede devan Senyè a pou l “aplike san ekspyatwa Kris la pou nou kapab resevwa padon pou peche nou yo” (Mozyia 4:2). Nou priye epi nou sèvi epi nou temwaye epi nou egzèse lafwa nan Jezikri.

Nou ame tèt nou avèk lajistis ak pouvwa tou, lè nou “medite pawòl lavi yo tout tan nan panse [nou]” (D&A 84:85). Nou fè mo sa yo tounen trezo nou lè nou plonje tèt nou nan ekriti sent yo ak nan pawol sèvitè Senyè a chwazi yo, ki ap fè nou konnen volonte L, panse L, ak vwa Li (gade nan D&A 68:4) pandan konferans jeneral mwa pwochen an.

Nan batay nou kont mal la, nou dwe toujou sonje nou gen èd moun ki nan toulède bò vwal la. Nan pami alye nou yo gen Bondye, Papa Etènèl nou an, Senyè a, Jezikri, ak Sentespri a.

Nan pami alye nou yo gen lame selès envizib yo. “Pa pè,” se sa Elize te di yon jèn gason ki te gen krent pandan yo te fè fas devan yon lame plen mechan, “paske moun ki avèk nou yo plis pase sa ki avèk yo a” (gade nan 2 Wa 6:15–16).

Nou pa bezwen pè. Bondye renmen Sen Li yo. Li pap janm abandone nou.

M konnen ke Bondye, kom repons pou priyè mwen, te reponn demann mwen pou delivre m anba sa ki mal. M temwaye ke avèk èd Bondye, Papa a, ak Sovè mond la, ak Sentespri a, nou kapab gen asirans ke nou pral resevwa plis pouvwa pou nou kontrekare nenpòt fòs nou rankontre.

Mwen swete pou nou toujou ame avèk lajistis pou nou ka gen konfyans nan viktwa final la.

NÒT

1. Thomas S. Monson, “Correlation Brings Blessings,” *Relief Society Magazine*, Apr. 1967, 247.
2. “Nous voici tous enrôlés,” *Cantiques*, no. 161.
3. Gade nan *Enseignements des présidents de l'église: Joseph Smith* (2007), 214.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Eyring raple nou ke nou nan lagè kont mal. Pou kòmanse, ou ta kapab chante “Nou voici tous enrôlés” (*Cantiques*, no. 161) avèk moun wap anseye yo. Apresa, ou ta kapab envite yo eksplike kouman yo te pwoteje atravè lajistis epi fè deba sou fason pou pwoteje fanmi yo kont Satan, tankou chwazi pwogran elektwonik ki pwòp, fè konsèy familyal, oubyen fè sware familyal chak semèn. Ou ta kabap ba yo tach tou pou yo medite nan lapriyè sou fason pou yo bati fòtifikasyon fanmi yo epi ankouraje yo kreye yon plan pou mete ide yo an pratik.

JÈN YO

M Te Deja Deside

Otè: Madison Thompson

Yon fwa, m te resevwa yon leson valab nan yon klas Jènfi sou pite seksyèl—yon sijè ki te fè anpil nan jèn yo santi yo enkonfòtab. M pa sonje tout bagay m te aprann jou sa a, men m te sonje dirijan m nan pale sou yonn nan prensip pèsònèl li yo—pou toujou rete pi seksyèlman. Pawòl li yo te rete avèk mwen, epi m te pran yon desizyon konsyan pou adopte l kòm youn nan valè pèsònèl pa mwen.

Yon jou, pandan m te nan otobis ap sòti nan yon aktivite espò, yon moun nan otobis la te kòmanse yon jwèt pou chofe nou fè yon bagay. Paske nou pa t gen anyen lòt pou n te fè, mwen menm ak lòt timoun yo te entre nan jwèt la. Lè sete tou pa m, yo te ban m defi fè yon bagay m te konnen ki pat byen. Sa tap kapab yon desizyon difisil pou m te pran, men pawòl dirijan Jènfi m yo te vin nan panse m, epi chwa mwen an te vin fasil. Rapidman, m pat dakò. M te deja deside sou sa m tap fè nan sitiasyon sa a.

Mwen konnen ke lè nal legliz epi nou fè plas pou bagay yo anseye nou nan legliz la, nap beni avèk pi gran fòs espirityèl ak pwoteksyon anba tantasyon nan mond la.

Otè a ap viv nan Utah, nan Etazini.

TIMOUN

Mete boukliye ou sou ou

Gen anpil move bagay nan mond la jodia. Levanjil la se tankou yon boukliye pou pwoteje nou. Li 10 bagay Prezidan Eyring te di nou fè pou nou pwoteje tèt nou. Apresa, desine epi kolore boukliye w la!

1. Sanktifye jou Saba a
2. Onore prèttriz la
3. Fè epi kenbe alyans
4. Travay sou istwa familyal
5. Ale nan tanp
6. Repanti
7. Priye
8. Sèvi lòt moun
9. Pataje temwayaj ou
10. Li ekriti yo



Lafwa, Fanmi, Sekou

Pouvwa ranfòsan Jezikri ak Ekspyasyon Li a

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Lè nou konprann objektif Sosyete Sekou a, kouman sa ka prepare pitit fi Bondye yo pou benediksyon lavi etènèl

“**M**ka fè tout bagay atravè Kris la, ki ban m fos” (Filipyen 4:13). “Malgre nou tout gen feblès, nou ka simonte yo,” se sa Prezidan Dieter F. Uchtdorf, Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans la te di. Anfèt, se gras Bondye kifè, si nou bese tèt nou epi nou gen lafwa, bagay fèb yo ap vin fò pou nou.

Sovè nou an di, nan Doktrin ak Alyans yo: “M prale devan nou. M ap sou kote dwat nou ak sou kote goch nou, epi Lespri m ap nan kè nou, epi zanj mwen yo ap alantou nou pou pote nou anlè” (D&A 84:88).

Èldè David A. Bednar nan Kolèj Douz Apot yo te di, “Nefi se egzanpon moun ki te konnen, ki te konprann, epi ki te depann sou pouvwa ranfòsan Sovè a.” “Frè Nefi yo te mare l anba kòd epi yo te planifye destriksyon li. Tanpri, note priyè

Nefi a: ‘O, Senyè, dapre lafwa m gen nan ou, tanpri, delivre m anba men frè m yo; wi, ban m fòs pou m menm *kapab kase kòd sa yo* ki mare m nan’ (1 Nefi 7:17; italik ajoute).

“. . . Nefi pat priye pou sikons-tans yo te chanje. Okontrè, li te priye pou fòs pou l te ka chanje sikons-tans li yo. Epi m kwè li te priye nan fason sa a presizeman paske l te konnen, li te konprann, epi l te fè eksperyans nan pouvwa reyèl Ekspyasyon an.

“M pa panse ke kòd ki te mare Nefi yo te majikman demare soti nan men l ak nan ponyèt li. Okontrè, m sispèk li te tèlman beni avèk pèsistans ak fòs pèsònèl ki depase kapasite natirèl li, ki fè lè sa a ‘nan fòs Senyè a’ (Mozya 9:17) li te travay, li te tòdye kòd yo, li te tire sou yo, epi li te finalman e literalman vin kapab kase kòd yo.”²

Ekriti Adisyonèl ak Enfòmasyon

Ezayi 41:10; Etè 12:27;
reliefsociety.lds.org

NÒT

1. Dieter F. Uchtdorf, “The Way of the Disciple,” *Liahona*, Me 2015, 108.
2. David A. Bednar, “Strength beyond Our Own,” *New Era*, Mar. 2015, 4.

Konsidere Sa

Kouman pouvwa ranfòsan Jezikri a ak sakrifis ekspyatwa Li a ka ede feblès nou yo vin tounen fòs?